

Lwa PROTECT 'PWOTEKSYON' an

Yo te siyen Lwa PROTECT 'PWOTEKSYON' an nan dat 5 Out 2026. Li ranfòse pwoteksyon pou rezidan Massachusetts yo. Li limite patisipasyon leta ak otorite lokal nan aplikasyon lalwa imigrasyon sivil federal la li. Li kreye nouvo pwoteksyon nan lekòl, establisman gadri, sant swen sante, tribinal, ak lòt enstitisyon leta ak lokal.

DAT LI ANTRE AN VIGÈ

ENSTITISYON LETA AK LOKAL YO

- Bay Gouvènè a otorite pou limite aplikasyon lalwa imigrasyon sivil nan zòn etablisman leta ki pa ouvè pou piblik la.
- Egziye pou gen enstriksyon nan plizyè lang pou ede ajans leta yo konnen kijan pou yo kominike ak otorite federal imigrasyon yo.

Gid tanporè:
4 septanm 2026
Gid final yo: 11
fevriye 2027

ESPAS ESANSYÈL POU KÒMINOTE A

3 novanm 2026

Tribinal

- Entèdi arestasyon sivil imigrasyon andedan tribinal yo ak sou tout teren tribinal yo, tankou pakin, san yon manda jidisyèl.

1ye septanm
2026

Sant Gadri pou Timoun

- Entèdi arestasyon imigrasyon sivil nan sant gadri ki gen lisans, kay ki bay sèvis gadri pou timoun, pwogram gadri, ak etablisman ki bay swen an gwoup, **san yon manda oswa yon lòd jidisyèl**.
- Egziye pou gen règleman ak fòmasyon nan tout eta a sou entèraksyon ak ICE.

1ye septanm
2026

Lekòl Piblik ak Lekòl Charter

- Entèdi arestasyon imigrasyon sivil sou teren lekòl **san yon manda jidisyèl**.
- Egziye pou Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts (DESE) devlope gidans, règleman modèl, ak fòmasyon.

4 Oktòb
2026

Swen Sante

- Entèdi arestasyon sivil imigrasyon san yon manda jidisyèl nan zòn ki pa piblik nan sant swen sante ak swen gwoup ki kouvri yo, tankou sèten mezon retrèt.
- Egziye pou etablisman ki anba pwoteksyon yo adopte

règleman pou reponn a aplikasyon lalwa imigrasyon sivil.

5 Out 2026

GADYEN AN REZÈV

- Pèmèt paran ak gadyen legal yo planifye davans lè yo fè aranjman pou yon moun pran swen pitit yo si yo ta nan arèstasyon oswa depòte yo.

4 septanm
2026

LIMITE ENPLIKASYON ETA AK LOKAL NAN RANFÒSMAN LALWA IMIGRASYON

Lwa PROTECT 'PWOTEKSYON' an etabli limit enpòtan sou patisipasyon eta ak lokal nan aplikasyon lalwa federal sou imigrasyon sivil:

- Anjeneral, lapolis, cherif ak tribinal yo **pa ka poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon** yon moun oswa anrejistre li, sof si se te pou sèten ankèt kriminel oswa lè lalwa egzije sa.
- Anjeneral, **resous** leta ak lokal yo **pa ka itilize** pou aplike lwa federal sou imigrasyon sivil.
- Lapolis, cherif, ak tribinal yo pa gen dwa pataje **enfòmasyon ki pa piblik** ak ICE. Anjeneral, demann ICE yo dwe fèt alekri, idantifye yon moun byen presi, epi yo dwe resevwa yo nan 30 jou anvan yo.
- Anjeneral, lapolis, cherif, ak tribinal yo pa ka kanpe, arete, fouye, mennen ankèt, oswa kenbe yon mounnan prizon pou ede aplike lwa federal sou imigrasyon sivil.
- Yo pa ka arete moun sèlman sou baz yon **lòd arè ICE** (yon demann ICE fè pou kenbe yon moun pou rezon imigrasyon).
- Anjeneral, **li entèdi** nouvo **akò 287(g) oswa akò elaji**, ki pèmèt lapolis eta ak lokal yo fè sèten fonksyon lapolis federal sou imigrasyon.
- Vil ak komin yo ka adopte **pwoteksyon ki pi solid**.

PWOTEKSYON POU MOUN KI AN DETANSYON

3 novanm 2026

- Egzije sant detansyon leta ak konte yo pou bay **aksè videyo gratis, regilye ak rezonab pou konsiltasyon legal**.
- Ranfòse egzijans pou transpò oswa aksè a distans pou pwosedi tribinal yo.
- Egzije pou etablisman yo dokimante konfòmite epi avize avoka yo lè yo rate odyans oswa randevou oswa yo repwograme yo akòz etablisman an.

PWOTEKSYON ADISYONÈL

- Egzije pou anplwaye yo avize anplwaye yo nan 48 èdtan apre yo

5 Out 2026

fin resevwa avi sou yon enspeksyon kalifikasyon pou anplwa I-9 pa ICE.

- Ranfòse epi akselere pwosesis sètifikasyon an pou sèten sivivan k ap chèche viza U ak T, ki gen ladan yon dat limit 45 jou pou repons ak 14 jou pou demann ijans. 3 novanm 2026
 - Pèmèt jij yo ak komisyonè osyon yo konsidere yon **lòd final pou retire moun nan prizon** lè y ap detèmine kosyon an. 5 Out 2026
 - Kreye yon **Komisyon sou Imigrasyon** pou etidye pwoblèm ki gen rapò ak imigrasyon nan Massachusetts. 3 novanm 2026
 - Otorize **Oditè Eta a pou fè odit sant detansyon imigran yo ak sèten kontra detansyon** ke cherif oswa antite prive yo opere. 5 Out 2026
 - Pèmèt tribinal eta Massachusetts yo tandè kèk reklamasyon ki konsène vyolasyon dwa Konstitisyon Etazini garanti, lè se ajan federal ki ta vyole dwa sa yo. 5 Out 2026
-